

Pou Piblikasyon Imedya: 29/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN PWOGRAM BOUSEDTID METYE  
ESPESYALIZE OTORITE THRUWAY LA**

***Inisyativ la Bay Opòtinite Karyè ak Anplwa ak Etidyan ki Kalifye yo nan Program  
Metye yo***

***Yo Pral Chwazi Dis Etidyan pou Patisipe nan Yon Pwogram Pilòt Ane Sa a***

***Etidyan ki Enterese yo Kapab Aplike [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman yon nouvo pwogram Bousdetid Metye Espesyalize Otorite Thruway la (Thruway Authority Skilled Trades Scholarship Program), ki vize rekrite etidyan ki kalifye k ap pouswiv yon karyè nan metye epi ogmante divèsite nan milye travay. Otorite Thruway la pral kolabore avèk lekòl Eta New York yo pou ofri pwogram yo nan divès metye tankou chapant, elektrik, chofaj, vantilasyon ak vantilasyon (Heating, Ventilation and Air Conditioner, HVAC) ak plonbye epi bay etidyan yo opòtinite pou relanse karyè yo avèk Otorite Thruway la tandiske y ap akeri aptitud fòmasyon valab pandan yo nan djòb la. Yo pral chwazi dis etidyan nan pwogram pilòt la ane sa a pou travay nan chak divizyon mentnans Otorite Thruway yo nan tout Eta a.

"Bousdetid ak pwogram konsèy yo enpòtan pou fòmè ak retri anplwaye yo nan metye ki wotman espesyalize yo epi etabli yon mendèv alavni pou Eta nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pwogram sa a se yon zouti devlopman mendèv valab ki pral ouvè nouvo pòt pou jèn Nouyòkè yo dekwa pou yo kapab genyen chans pwospere nan ekonomi jodi a."

"Nouvo Bousdetid Metye Espesyalize Otorite Thruway la se yon gwo zouti devlopman mendèv, k ap bay fòmasyon pandan yo nan djòb la pou djòb espesyalize yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi a, te deklare**. "Etidyan yo pral travay ak konseye yo pou resevwa edikasyon ak fòmasyon, epi lè yo konplete pwogram nan, pou yo gen yon karyè avèk Otorite Thruway la ansanm ak opòtinite yo pou avanmsman. Nou vle asire nou tout Nouyòkè yo gen aksè ak resous yo bezwen pou fòmè yo nan metye yo epi okipe djòb wotman espesyalize sa yo nan tout New York."

Elèk ki enskri nan pwogram pwogram fòmasyon pwofesyonèl/teknik yo, oswa yo te aksepte pou enskripsyon nan yon lekòl metye oswa pwogram ki gen nivo inivèsite, kapab aplike pou pwogram bousdetid la. Kandida yo dwe soumèt yon aplikasyon pou travay epi bay de lèt rekòmandasyon. Yon komite pral revize aplikasyon yo, li pral fè entèvyou epi seleksyone kandida ki kalifye yo lete sa a.

Patisipan yo chwazi yo pral resevwa 1,000 dola pou edikasyon yo pandan y ap rejwenn mendèv Otorite Thruway la pou aplike konpetans yo a. Kòm anplwaye plen tan Otorite Thruway la, patisipan yo pral kalifye pou pwogram ranbousman frè eskolè Otorite Thruway la.

Pandan pwogram lan, patisipan yo pral kontinye ale nan kou yo epi jwenn kalifikasyon ki nesèsè yo pou nivo pwogresif yo nan pwogram nan. Avèk fòmasyon ki korèk ak eksperyans, kandida yo pral nomenan yon pòs kote yo ka pwogrese nan metye a avèk Otorite Thruway la yon fwa yo satisfè kalifikasyon minimòm yo.

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway lan Matthew J. Driscoll te deklare,** "Pwogram pilòt sa a se yon opòtinite inik pou rekrite yon mendèv divès epi relanse karyè yon etidyan. Nou ankouraje kandida ki kalifye yo pou aplike pou pwogram sa a epi rejwenn anpil fanm ak gason yo ki ap travay aktyèlman nan yon metye espesyalize ak Otorite Thruway la".

**Manm Asanble John T. McDonald III te deklare,** "Sipòte karyè yo ak edikasyon nan metye espesyalize yo se yon valè konsiderab pou kominote nou yo ak pou ekonomi an. Mwen aplodi Otorite Thruway la dèske li te wè valè nan bousdetid yo nan domèn metye espesyalize yo epi nan envesti nan etidyan sa yo".

**Manm Asanble William B. Magnarelli, Prezidan, Komite Transpò Asanble (Assembly Transportation Committee) a, te deklare,** "Pwogram Bousdetid Metye Espesyalize Otorite Thruway la se yon gwo opòtinite pou etidyan yo eksplòre domèn vas metye yo ke yo bezwen nan rejyon Nò New York. Konpetans yo aprann nan metye yo pral sèvi moun sa yo kòm yon fondasyon mèvèye pou tout karyè yo".

Delè pou etidyan yo soumèt yon aplikasyon se 31 Me 2019. Etidyan ki entèrese yo kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan epi aplike nan [thruway.ny.gov/scholarship](http://thruway.ny.gov/scholarship).

Foto evènman jodi a yo disponib [isit la](#).

Pou plis enfòmasyon sou opòtinite anplwa anplis yo avèk Otorite Thruway la, kandida yo kapab wè pòs yo epi aplike an liy sou [Sitwèb Otorite Thruway la](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)